

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Sabada ngalaksanakeun runtuyan prosés panalungtikan, aya sababaraha hal nu kapendak, nya éta:

- 1) Ngaliwatan pamarekan *Contextual Teaching Learning tipe inquiry* nu dilarapkeun kana pangajaran nulis éséy, siswa nyerep élmu pangaweruhna sorangan sarta dina prak-prakanana siswa ditungtut sangkan bisa matalikeun pangaweruhna kana kahirupanana kitu ogé sabalikna.
- 2) Pamarekan *Contextual Teaching Learning tipe inquiry* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa dina unggal tahapanana. Katitén tina hasil diajar siswa rata-rata bobot dina pra-panalungtikan can aya nu tuntas persentasena nya éta 0% sedengkeun dina siklus I anu tuntas nya éta 8 urang atawa 27,5% sedengkeun nu teu tuntasna 21 urang atawa 72,5% sarta dina siklus II parobahanana leuwih ngaronjat nya éta 29 urang atawa 100% .
- 3) Pamarekan *Contextual Teaching Learning tipe inquiry* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa dina unggal tahapanana. Katitén tina hasil diajar siswa dina siklus nu pamungkas, siswa bisa ngahontal KKM nu geus ditangtukeun nya éta  $\geq 72$ .
- 4) Pamarekan *Contextual Teaching Learning* nyiptakeun suasana nu leuwih kréatif, daria, jeung siswa mampu maham kana matéri pangajaran, Prosés

diajar leuwih éféktif. Siswa leuwih aktif jeung percaya diri salila prosés pangajaran, hususna dina ngébréhkeun gagasanana kana wangun tulisan. Lian ti éta, aya prosés interaksi, matalikeun pangaweruhna ngeunaan lingkungan sabudeureunana jeung materi pangajaran, siswa kréatif nimu pangaweruhna sorangan, sarta bisa ngaréfleksi pangaweruh ngeunaan matéri pangajaran.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkun yén pamarekan Contextual Teaching Learning bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis éséy.

## 5.2 Rekomendasi

### a. Pikeun Siswa

Pamarekan *Contextual Teaching learning tipe inquiry* bisa mekarkeun kréatifitas sarta ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy, ku kituna ngaliwatan ieu pamarekan siswa salawasna ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy.

### b. Pikeun Guru

Pamarekan CTL *tipe Inquiry* bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran ngaliwatan pamarekan kontékstual dina pangajaran nulis éséy.

### c. Pikeun Panalungtik

Dipiharep dina panalungtikan satuluyna bisa nalungtik leuwih jero deui ngeunaan pamarekan *Contextual Teaching Learning* pikeun diterapkeun dina matéri pangajaran lianna.

d. Pikeun lembaga

Bisa dipaké pikeun pangdeudeul pikeun ngaronjatkeun kualitasna ngaliwatan Pamarekan *Contextual Teaching Learning*.

